ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПШКІУ

АДЫГЭ ХЕКІЫ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№117 (21.025) ● 2007 гъэм мэкъуаугъуэм (июным) и 16, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghepsale.ru
adyghe@mail.ru

Псапэт икІи мыхьэнэшхуэ зиІэт

«Іуэхуфі влэжьыну фепІэщІэкІ» республикэ псапащІэ марафоныр щІидзэным сыхьэт ныкъуэ иІэжу Сабий творчествэмкІэ республикэ унэм и гупэ утым щыхуэхьэ къыщыІэхуэсу щІидзащ.

РЕСПУБЛИКЭМ и унафэщІхэм, министрхэм я мызакъуэу дзэпкъыкъуэгъу хуэмакъуэ сабийхэм защІэзыгъэкъуэну къажІуэхэм яхэплъагъэрт нэхъ щыкІу дыдэхэри, зи ныбжь хэкІуэтахэри.

КЪБР-м и Іуэхущапі э зэмылІужьыгъуэхэм, министерствэхэм, ведомствэхэм, къэрал, уней организацэхэм, кьалэ, район администрацэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, щІалэгъуалэ зэщІэхьееныгъэхэм я ІыкІуэхэр гупурэ кьыІэхуэ эсырт.

Марафоныр кьыІэуихащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ Іым и къэрал экзаменхэм я япэ Іыхьэр республикэм зэрыщекІуэжІам, абы кьрикІуахэм. Къэрал Думэм кьыІэзгъэпщІащ семинархэр кьаІэрыкІуам тепсэльыхьыжащ къащтэ законхэр гъэзэщІа зэрыхьэм кІэтыпІыным теухуауэ Екатеринбург щекІуэкІа зэІущІэм хэта **Махуэ Владимиррэ** диным теухуа Федеральнэ законыр кьыІэращтэрэ илъэси 10 зэрырикъум ирихьэлІэу екІуэкІа семинарым хэта**Іэпщэ Зауррэ.**

Винце-спикер **Федченкэ Людмилэрэ** Іьэпікъ зэхуэныгъэкІэмкІэ юмитетым и унафэщІым щыІэ зы **Сэкъу Владимиррэ** я къэпсэльэныгъэхэр траухуащ Парламентым, езы депутатхэм я лэжьыгъэр кьыІэзгъэпэщыным пыщІа Іуэху зэмылІужьыгъуэхэм, гъэзэщІакІуэ властым и органхэм зэрапыщІар егъэфІэкІуэным.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущапі э.

● КъБР-м и Парламентым и Президиумым

Къыхалъхьа жэрдэмхэм хоплъэ

Республикэм и Парламентым и Президиумым и зи чэзу зэІущІэм Іуэхугъэпщі хуэдизым щыхэплъащ. Депутатхэм ящІыгъуэ лэжьащ Президентымрэ Правительствэмрэ я лІыкІуэ законхэр кьыдэзыгъэкІ органым щыІэ Къуэшырокъуэ Залым. ЗэІущІэр иригъэкІуэкІащ Парламентым и спикер Бечелов Ильяс.

УФ-м и субъект зыбжанэм я парламентаркэм законхэр кьыдэгъэкІыным ІуэхуаІэ кьагъэжьа жэрдэмхэм теухуауэ **Абазэ Руслан, Мэремыкьуэ Сэфарбий, Джэш ФатІимэ, Гутневэ Валентинэ**сымэ жаІэхэм ещанэу еда Іуэ, езы документхэм хэплъа нэужь, Президиумым хэтхэм унафэхэр кьащтащ.

Апхуэдэу, кьагъэжьа мат ериалхэм щыгъуазэ защІ, РегламентымкІэ комитетым и унафэщІ **Махуэ Владимир**, ЕгъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмкІэ, зэшыншагъэр хьэмэныкІэ комитетым и унафэщІ **Иванов Игорь**сымэ кьапсэлъам едаІуэри, депутатхэм зэдзэрэзыуэ унафэ ящІащ лэжьыгъэм и ветеран Шаваевэ Минадан, «КъБР-м Уэныншагъэр хьэмэныкІэ и министерствэм и республикэ сабий клиникэ сымаджэщ» къэрал Іуэхущапі эм и медсестра нэхъыщхьэ Бекъуэ ФатІимэт, «Къалэ клиникэ сымаджэщ №1» муниципальнэ Іуэхущапі эм и медсестра нэхъыщхьэ Римму, «Къалэ клиникэ сымаджэщ №1» муниципальнэ Іуэхущапі эм и дохутыр нэхъыщхьэм и кІуэдзэ Кульбаевэ ФатІимэт сымэ КъБР-м и Парламентым и ЩІыхь тхьылъыр иратыну.

Зэ Іущ Іэм и кІэуам зи чэзу Іуэху зэмылІужьыгъуэхэм щытепсэльыхьым, Парламентым и Унафэщ **Бечелов Ильяс** кьыІуэтэжащ Інгуш Республикэр илъэс 15 зэрырикъур щагъэлъапІэм ирагъэжьэн ІуфІэгъуэхэм КъБР-м и лІыкІуэхэм яхэту зэрырщІар. Винце-спикер **Бозий Натбий**зэІущІэм хэтахэр кьыхуриджащ адэкІэ зэрылэжьынум теухуа планым хэплъэну икІи зыхуэфащэ зэхъуэкІыныгъэхэр халъхьану. Иванов Игорь езым и лэжьыгъуэр щыгъуазэ ищІащ зыуэ щыт кьэрал экзаменхэм я япэ Іыхьэр республикэм зэрыщекІуэжІам, абы кьрикІуахэм. Къэрал Думэм кьыІэзгъэпщІа семинархэр кьаІэрыкІуам тепсэльыхьыжащ къащтэ законхэр гъэзэщІа зэрыхьэм кІэтыпІыным теухуауэ Екатеринбург щекІуэкІа зэІущІэм хэта **Махуэ Владимиррэ** диным теухуа Федеральнэ законыр кьыІэращтэрэ илъэси 10 зэрырикъум ирихьэлІэу екІуэкІа семинарым хэта**Іэпщэ Зауррэ.**

Винце-спикер **Федченкэ Людмилэрэ** Іьэпікъ зэхуэныгъэкІэмкІэ юмитетым и унафэщІым щыІэ зы **Сэкъу Владимиррэ** я къэпсэльэныгъэхэр траухуащ Парламентым, езы депутатхэм я лэжьыгъэр кьыІэзгъэпэщыным пыщІа Іуэху зэмылІужьыгъуэхэм, гъэзэщІакІуэ властым и органхэм зэрапыщІар егъэфІэкІуэным.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущапі э.

● Къэрал Іуэхущапі эхэм

Нагъыщэ лъапІэхэр иратыж

Къэбэрдей-Балькъэр Правительствэм щагъэпэщащ нужьрейуэ екІуэкІа Урысейпсо мэкъумэш къыхэхъыныгъэм и Іуэхур кьыІэзгъэпэщыным жыджэру хэтахэр.

АБЫХ ЭМ иратыжащ Урысей Федерацэм и Президентымрэ Урысейм статистикэмкІэ и Іуэхущапі эм и унафэщІымрэ кьыхуагъэфэща медалхэмрэ дамыгъэхэмрэ. Апхуэдэ гулытэ зьІагъэ къэралым кьыхуищІащ республикэм щыІэу цыху 40-м хуэдизым. Абыхэм ящыщІ Къэбэрдей-Балькъэрым и Президент Къаныкъуэ Арсен, Президент Администрацэм и Унафэщ Къэжэр Альберт, Правительствэм и Унафэщ Ярин Андрей, абы и кьуэдзэ Чеченов Ануар, республикэм и мэкъумэш комплексым, МВД-м, промышленнэ Іуэхущапі эхэм кьулыкъу зэмылІужьыгъуэхэм щыпэрыт цыху пажэхэр.

КьыхэжаныкІахэм медалхэмрэ дамыгъэ лъапІэхэмрэ иратыжащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ Іым и кьуэдзэ Чеченов Анаурыгъ республикэм статистикэмкІэ и Іуэхущапі эм и унафэщІымрэ кьыхуагъэфэща медалхэмрэ дамыгъэхэмрэ. Апхуэдэ гулытэ зьІагъэ къэралым кьыхуищІащ республикэм цыху 40-м хьэнщ Палестинэм и парт псоми я лІыкІуэхэр.

Къэрал 50-м я лІыкІуэхэр хэту

Дыгъуасэ Париж къыщыІуэхащ урыс прессэм и IX Дунейпсо конгрессыр.

Абы ягъэкІуащ къэрал 50-м нэблагъэм урысыбзэкІэ кьыщыдэкІ, щылажьэ газетхэм, журналхэм, телерадиостанцхэм я лІыкІуэхэр.

Урыс прессэм и Дунейпсо Ассоциацэм и 9-нэ конгрессым гулытэ хэха щыхуащІынуц урысыбзэм дунейм щІыгъ увыпІэр гъэбыдэнымрэ щигъэзащІэ кьалэным хэгъэхъуэнымрэ.

(ИТАР-ТАСС).

Мэкъуаугъуэм и 16, щэбэт

Илъэс 200 и пэкІэ (1807) яІэуваУэ щытащ Урысейм я Австралиемрэ я яІэ зэпыщІэныгъэхэр.

♦ Илъэс 30 и пэкІэ (1977) Брежнев Л.И. СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и унафэщІу хахащ.

♦ Илъэс 82-рэ и пэкІэ (1925) Кьрымым кьыщызэІуахащ «Артек» Союзэпс пионер лагерыр. Иджы Дунейпсо сабий центрыр.

♦ Илъэс 15 и пэкІэ (1912 - 1992) дунейм ехьжащ урыс этнографэ, тхыдэтх, философ Гумилев Л.Н.

♦ 1930 гъэм Сталинград трактор заводыр лажьэу ирагъэжьащ.

♦ 1963 гъэм Терешковэ Валентинэ «Восток-6» кьхъыкІэ хьэрщым лъэтащ.

♦ **Дыгъэр кьыщІэкІащ сыхьэт 5-рэ дакьикъэ 23-м, кьухьэ-жьыщ сыхьэт 20-рэ дакьикъэ 53-м.**

♦ **Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 15-рэ дакьикъэ 30-рэ.**

Мэкъуаугъуэм и 17, *тхьэмахуэ*

♦ Исландием и Льэпкъ гуфІэгъуэщ - Республикэ щыхьуа Махуэщ (1944).

♦ Илъэс 60 и пэкІэ (1947) ауэхуащ Находкэ тенджыз сату кхъухь тедгапІэр.

♦ Илъэс 75-рэ и пэкІэ (1932) кьалъхуащ урыс кинорежиссер, «Комиссар» фильмыр зыгъэуба Аскольдов Б.С.

♦ Илъэс 45-рэ и пэкІэ (1962) кьалъхуащ урыс актрисэ, УФ-м и щІыхь зиІэ артистэ, Къэрал саугъэтым и лауреат (2002) Захаровэ А.М.

♦ Илъэс и пэкІэ (1922 - 2006) дунейм ехьжащ Къалмыкым и Іыхьбэ усакІуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхьжь Культинов Давид.

♦ **Дыгъэр кьыщІэкІынущ сыхьэт 5-рэ дакьикъэ 23-м, кьухьэжьынущ сыхьэт 20-рэ дакьикъэ 54-м.**

♦ **Махуэм и кІыхьагъынущ сыхьэт 15-рэ дакьикъэ 31-рэ.**

Мэкъуаугъуэм и 18, *блыщкъэ*

♦ Мэкъуаугъуэм и 18 - 28-хэм Париж (Франджым) щекІуэкІынущ ЮНЕСКО-м и Правительствэм я зэдаІ и океанографикэ комиссэм и Іъэзэщ Іа-гъуэ советым и 40-нэ сессиер.

♦ Мэкъуаугъуэм и 18 - 24-хэм Тверь щагъэкІуэкІынущ кином и актерхэм я «Вагъуэбэ» XX Урысейпсо кинофестивальр.

♦ Урыс сокет тхаІэ, литературэ критик, публицист, жылагъуэ лэжьакІуэ, СССР-м и ТхаІуэхэм я союзым и кІэзгъэпэщакІуэ икІи абы и правленэм и япэ унафэщІ щыта Горький Максим и фэепль махуэщ.

♦ Совет дзэзешэ, къэрал лэжьакІуэ, Совет Союзым и Маршал, Совет Союзым плІэнейр и ЛІыхьжь (1939, 1944, 1945, 1956) Жуков Г.К. и фэепль махуэщ.

♦ **Дыгъэр кьыщІэкІынущ сыхьэт 5-рэ дакьикъэ 23-м, кьухьэжьынущ сыхьэт 20-рэ дакьикъэ 54-м.**

♦ **Махуэм и кІыхьагъынущ сыхьэт 15-рэ дакьикъэ 31-рэ.**

Планэлэр зыгъэхьэзырыр ХЬЭЖЬІКЪАРЭ Аликщ.

Мэкъуаугъуэм и 17, *тхьэмахуэ*

♦ Мэкъуаугъуэм и 18 - 28-хэм Париж (Франджым) щекІуэкІынущ ЮНЕСКО-м и Правительствэм я зэдаІ и океанографикэ комиссэм и Іъэзэщ Іагъуэ советым и 40-нэ сессиер.

♦ Мэкъуаугъуэм и 18 - 24-хэм Тверь щагъэкІуэкІынущ кином и актерхэм я «Вагъуэбэ» XX Урысейпсо кинофестивальр.

♦ Урыс сокет тхаІэ, литературэ критик, публицист, жылагъуэ лэжьакІуэ, СССР-м и ТхаІуэхэм я союзым и кІэзгъэпэщакІуэ икІи абы и правленэм и япэ унафэщІ щыта Горький Максим и фэепль махуэщ.

♦ Совет дзэзешэ, къэрал лэжьакІуэ, Совет Союзым и Маршал, Совет Союзым плІэнейр и ЛІыхьжь (1939, 1944, 1945, 1956) Жуков Г.К. и фэепль махуэщ.

♦ **Дыгъэр кьыщІэкІынущ сыхьэт 5-рэ дакьикъэ 23-м, кьухьэжьынущ сыхьэт 20-рэ дакьикъэ 54-м.**

♦ **Махуэм и кІыхьагъынущ сыхьэт 15-рэ дакьикъэ 31-рэ.**

Фіыгъуэм я нэхъыщхьэр зэгуэгъуэщ.

Указым Іэ щІидзащ

2008 гъэр Унагъуэм и илъэсу Урысейм щагъэващ.

Президент Путин Владимир Іэ щІидзащ абы теухуа Указым.

Кремлым и пресс-Іуэхущапі эм кьыхэритамкІэ, ар кьыхалъхащ къэралымрэ жылагъуэмрэ я зыужьыныгъэм, унагъуэм щигъэзащІэ мыхьэнэ хагъэхъуэн папщІ.

Унагъуэм и илъэсым ехьэлІа Іуэхуэр зэфІехынущ япэ вице-премьер Медведев Дмитрий зи унафэщІ КьызэгъэпэщакІуэ комитетым.

ЩІыхуэхэр зытригъэкІыжынущ

«Урысейм Іэмал зимыІэ медицинэ страхованэмкІэ и Фондым мы гъэм кьрнубІуэу зытригъэкІыжынущ илъэс блэкІахэм хущхьуэхэмкІэ кьытеуха щыхуэхэр».

Апхуэдэу жиІащ Фондым и унафэщІ кьалэныр зыгъэзащІэ Рейхард Дмитрий.

ЩІытыкІэр щыгъэщІоплъэ

КъуэкІыпі э Гъунэгъум щытыкІэр хуабжьу щыгъэщІоплъэ. Палестинэ лъэпкъ администрацэм и унафэщІ Аббас Мыхьмуд Правительствэр зэбгриуІэныщкІыжащ.

Премьер Хание Исмэхьил зи пашэ «Хамас» зэщІэхьееныгъэм хэтхэм Аббас Мыхьмуд Гаэз щыІэм щиІэ и хэщапІэр яубыдащ.

Аббас кьыхэригъэпэщащ Иордан псым и кьуэкІыпІэ лъэныкъуэм лъэпкъ зэрыгукІыж кьыщымыгъэхъуным телъэжьну центр. Абы хагъэхьэнщ Палестинэм и парт псоми я лІыкІуэхэр.

Къэрал 50-м я лІыкІуэхэр хэту

Дыгъуасэ Париж къыщыІуэхащ урыс прессэм и IX Дунейпсо конгрессыр.

Абы ягъэкІуащ къэрал 50-м нэблагъэм урысыбзэкІэ кьыщыдэкІ, щылажьэ газетхэм, журналхэм, телерадиостанцхэм я лІыкІуэхэр.

Урыс прессэм и Дунейпсо Ассоциацэм и 9-нэ конгрессым гулытэ хэха щыхуащІынуц урысыбзэм дунейм щІыгъ увыпІэр гъэбыдэнымрэ щигъэзащІэ кьалэным хэгъэхъуэнымрэ.

(ИТАР-ТАСС).

Мы махуэхэм

Мэкъуаугъуэм и 16, *щэбэт*

♦ Илъэс 200 и пэкІэ (1807) яІэуваУэ щытащ Урысейм я Австралиемрэ я яІэ зэпыщІэныгъэхэр.

♦ Илъэс 30 и пэкІэ (1977) Брежнев Л.И. СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и унафэщІу хахащ.

♦ Илъэс 82-рэ и пэкІэ (1925) Кьрымым кьыщызэІуахащ «Артек» Союзэпс пионер лагерыр. Иджы Дунейпсо сабий центрыр.

♦ Илъэс 15 и пэкІэ (1912 - 1992) дунейм ехьжащ урыс этнографэ, тхыдэтх, философ Гумилев Л.Н.

♦ 1930 гъэм Сталинград трактор заводыр лажьэу ирагъэжьащ.

♦ 1963 гъэм Терешковэ Валентинэ «Восток-6» кьхъыкІэ хьэрщым лъэтащ.

♦ **Дыгъэр кьыщІэкІынущ сыхьэт 5-рэ дакьикъэ 23-м, кьухьэжьынущ сыхьэт 20-рэ дакьикъэ 53-м.**

♦ **Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 15-рэ дакьикъэ 30-рэ.**

Мэкъуаугъуэм и 17, *тхьэмахуэ*

♦ Исландием и Льэпкъ гуфІэгъуэщ - Республикэ щыхьуа Махуэщ (1944).

♦ Илъэс 60 и пэкІэ (1947) ауэхуащ Находкэ тенджыз сату кхъухь тедгапІэр.

♦ Илъэс 75-рэ и пэкІэ (1932) кьалъхуащ урыс кинорежиссер, «Комиссар» фильмыр зыгъэуба Аскольдов Б.С.

♦ Илъэс 45-рэ и пэкІэ (1962) кьалъхуащ урыс актрисэ, УФ-м и щІыхь зиІэ артистэ, Къэрал саугъэтым и лауреат (2002) Захаровэ А.М.

♦ Илъэс и пэкІэ (1922 - 2006) дунейм ехьжащ Къалмыкым и Іыхьбэ усакІуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхьжь Культинов Давид.

♦ **Дыгъэр кьыщІэкІынущ сыхьэт 5-рэ дакьикъэ 23-м, кьухьэжьынущ сыхьэт 20-рэ дакьикъэ 54-м.**

♦ **Махуэм и кІыхьагъынущ сыхьэт 15-рэ дакьикъэ 31-рэ.**

● Щэнхабзэ

Тхыгъэ нэхъыфІхэм папщІэ

«Литературная Кабардино-Балкария» журналым иригъэкІуэкІ зэхьэзэхуэм и кьэпщытакІуэ гупым я зэІущІэ екІуэкІащ. Абы кьыщыхахащ журналым 2006 гъэм кьытехуа тхыгъэхэм я нэхъыфІхэр.

ЗЭПЕУЭМ и гупсысэ нэхъыщхьэр журналым кьытехуэ тхыгъэхэр зи Іэдакъэщ Іэкіхэм я гуашІэм гулытэ хуэщІынырц, ахэр Іъэгупсыэныр. Журналым и редакторыр нэхъыщхьэм кьыкІуэ хьа Іуэхугъуэр журналым и цІыхуэб совет Зумакулов Борис зи унафэщІым диІыгъащ икІи литературэ-художественнэ, цІыхуэб-политикэ лэжьыгъэ нэхъыфІхэм папщІэ саугъэтхэр иригъэващ.

Прозэ зытхэм я деж пашэ щыхьащ **Кучинаев Аниуар** и «Соперница» рассказыр. И у сэщІэжмкІэ журналым и лауреат хъуащ усакІуэ **Бицу Анатолэ** . Публицистикэ очерк нэхъыфІ дыдэу ещанэ **ХьэфІыщІэ Мухьэмэд** и «В стране перевернутою полумесяца» тхыгъэр, Тыркум щыпсэ у ди хэкуэгъуэхэм ят еуэхуар.

Саугъэт щхьэхуэ льагъэсащ Урысейм и ТхаІуэхэм я союзым и секретарь **Парпарэ Анатолэ** . Къэбэрдей-Балькъэр тхаІуэхэм я ныбжьэгъушхуэм гулытэ кьилэжьащ КъБР-м и цІыхубз усакІуэ Шоджэнцыкіу Іэдэм кьыІэралъхуэ илъэс 90 щыкІуэм ирихьэлІэу игъэхьэзыра тхыгъэмрэ и усэщІэхэмрэ папщІэ.

Къэпщытакіуэ гупым кьыхагъэщІхьэхукІа тхыгъэхэр кьэпльытэ хьунущ щэнхабзэр егъэфІэкІуэным, ди республикэм щыпсэу льэпкъхэм кьадэгъэуэгурыкІуэ хабзэхэр кьэІэтыжным льэпкъ интеллигенцэм хуищІ хэльхьэныгъэу.

Журналым и лауреатхэу ХьэфІыщІэ Мухьэмэд, Бицу Анатолэ, Парпарэ Анатолэ, Кучинаев Аниуар сымэ иратыжнущ зэхьэзэхуэм щыгъэкІуэжам папщІэ агъэхьэзыра мэ далэр. Зэпеуэм мыпкъуэкІ зыкъыщІэзыгъэкъуар КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскьыпсхьэмрэ и министр Ерчэн Темболэтщ.

СНЕГИНЭ Адель

● Хъыбар гуапэ

Налшык паркым и цІэр егъуэтыж

Налшык къалэ советым и сессием мэкъуаугъуэгъуэ мазэм и 8-м унафэ дахэ кьыщащтащ Налшык паркым и цІэр фІэщыжьын хуейуэ. А унафэм ишкъ иткІэ, абы дяпэкІэ зэрелджэнур ХьэтІохъущокъуэ хадэщ - ар кьыІэзгъэпэщащ щыта ХьэтІохъущокъуэ ХьэтІохъущыкъуэ и щыхьэкІэ.

Апхуэдэ унафэ кьыщащтэм, къалытащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм, щІэныгъэм, щэнхабзэм, спортым я лэжьакІуэхэм я ІъэтІуэр, абыкІэ ахъщІэлэгъу хъуащ ди хэкур Урысейм зэрыхьыхьэрэ илъэс 450-рэ щрикъу махуэр гъэлъапІэным зыхуэгъэхьэзырынырэ щыІэ дзэлъ Къыдзэгъэпэщакіуэ комитетри.

ПАРКЫМ и цІэр фІащыжьа къудейм кьыщымыныр, Налшык къалэ администрацэм и мурадщ ар къыгъэІэращІэжьыну, жыгыщІэ куэд хасэну, зыгъэпэсэхуІэхэр, нэгуэмуэкьыпІэхэр куэду щагъэхьну; тхьдэм, щІыхь Іуэхэм я фэеплъ гъэщІэгъэнэхэри иращІыхьынущ ХьэтІохъущокъуэ хадэм.

ХьэтІохъущокъуэ ХьэтІохъущыкъуэ хадэр кьащІащэзыригъэпэщар XIX лІэщІыгъуэм икуэращ. КІыщокъуэ Алим и цІэр иджы зезыхьэ уэрамым кьыщащІэдаІуэ Дыгъужь куэдкІэкІэ (Волчьи ворота) щыІэщІэм ІъэтІохъущокъуэ хадэр, Налшыкыпсым и Іуфэм декІуэкІыну. Жыг дахэ зэмылІужьыгъуэ куэд итащ хадэм, нэгъуэщІ хэкуэм кьрашахэри хэту.

ХьэтІохъущокъуэ хадэм революцэ нэужьым Сталиным и цІэр фІащащ, иужьым, нобэр къэсыху, Налшык паркІэ ещанэ хуэдизу кьэгъуэгурыкІуащ; иджы и цІэр фІащыжьащ - ХьэтІохъущокъуэ хадэ. Ар хуэфащщ хадэ телъыдкэр зи Іэужь адыгэлІ цІэрыІуэм - ХьэтІохъущокъуэ ХьэтІохъущыкъуэ.

КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид.

(Адыгэлі цІэрыІуэм теухуа тхыгъэхэм фыкъыщеджэ 2-нэ нап.).

● Футбол

Фыдыгъэбгъэ

Урысей Федерацэм футболымкІэ и премьер-лигэ

ЕщыкІуащэ джэгугъуэ

«СПАРТАК-НАЛЩЫК» (Налщык) - «АМКАР» (Пермь)

Налщык. «Спартак» стадион. Мэкъуаугъуэм и 16-м. ЩыщІидзэр сыхьэт 19-рэ дакьикъэ 30-рщ.

Спартак-Налщык - Амкар (Пермь) - 1:0

Премьер-лигэм хэт командэхэм я дублерхэм я зэхьэзэхуэм хьІхьэу дыгъуасэ Нарткъалэ и «Химик» стадионым щекІуэкІа зэІущІэм апхуэдэу нухащ. Ди щІалэхэм ящыщІу топыр дигъэкІащ Бэрэчэн Анзор.

Командэхэр зэрызэдджэгуам теухуа тхыгъэ газетым тетынущ.

ЖЫЛАСЭ Заур.

■ Щэнхабзэмрэ гъуэзджэмрэ ■ Махуэзэпс

КЪЭБЭРДЕЙ

■ МакъыщІэхэр ■ Щэбэт кьыдэкІыгъуэ ■ Малъхъэдис

Уанэшхьэм и хьэмэрыкъуэхэм я ІэшІагъэхэм

«Зыуэ щыт Урысей» партым и Къэбэрдей-Балькъэр щыналъэ къудамэр медицинэм и лэжьакІуэхэм ди гуапэу дыныВохьэуэ. Фи Іэщ Іагъэр сытым щыгъуи цІыхум хуэгъэпсауэ щытащ, иджыри апхуэдэу щытщ. АтІэ цІыхум хуэуэлажьэн нэхъри нэхъ лъапІэ сыт щыІэ? Уэзышагъэ, насыпи фиІэну, фи Іэнатіэ мытыншым, ауэ псори зыхуэныкъуэм, ехьулІэныгъэхэр кьыщІифхьыну!

● Мэкъуауэгъуэм и 17-р Медицинэ лэжьакIуэм и махуэщ

Цыхум и узынщагъэр зи Iэмыщ1э иплъэр

Iэщ1агъэхэм щытепсэлъыхьк1э, дохутыру улжьэн щхьэк1э, абы укыыхьалъхи хуейуэ жа1э. Пэжу, а Iэнат1э еыхьэк1эм куэдк1э ельытащ цыхум и зыужьык1эр, и Iэнк1ыпкъыкIм, и псапгъухэм я1э щ1ыгъыкIэр. Цыхум ирах, льапIэ дыдру ц1ыр - гъашIэр - дзых ящIу зи Iэмыщ1э иралъхьэ Iэщ1агъэл1эхэм я лэжьыгъэм ящуащ1ыгъэщхъуэ гъэрыщылъри гурыIуэгъэм. Аращ ди къэрал унафэщ1хэм медицинэ Iэнат1эр ирахри съхэфл1ыгъэм гульытэщхъуэ щ1ыхуащ1ыр.

МЕДИЦИНЭ лэжьакIуэм и махуэр гъэлъэпIэным теухуа унафэ щхьэхуэ къыщ1ыдэк1ауэ щытар 1980 гъэрц. Ар хуэунэт1ат а Iэнат1э мытынщым пэрыт Iэщ1агъэл1 зэхуэмыдэ минхэм: дохутырхэм, фельшерхэм, медсестрахэм, санитархэм, н.къ. - зи лэжьыгъэк1э медицинэм пыщIа псомэ я пщIэр къэIэтыным, зыхуэ1-зыхуэфIхэм, зыхуэныкъуэхэм иджырэ гу гъ лъегъэтэным. Зи кIаурр, щ1ыныгъэр, эрэфIэк1ыр мурад иэхьащ1ыкIм - узынщагъэр хуэмэным - хуэзыгъэпс Iэщ1агъэл1эхэм я псэукIэр, дзжьэк1эр иэхъри егъэфIэк1уэным ельэл1ащ мы ильэсхэм ди къэралым щек1уэк1 зэхъуэк1ыныгъэхэри. Араща зыхуэгъэпсар «Узынщагъэ» лъэпкъ проектым кыыщыгъэлъэгъуа Iуэхугъуэхэри.

Ащхуэдэу зиужь, ефIакIуэ эпыгущ сымадджэхэм зэрел1эуэ медицинэ техникэмэ. Иджырей эманым ди дохутырхэм ехьуал1энырэ я1эу ящ1ыгъэмрэ, зэрIэк1ымрэ Iэзэгъэнымрэ махуэ къэс хэзыгъаахъуэу екIуэк1 дохутыр псэмыблэжьхэр зыхуэлажьэр лъэпкъыщ, цыхуэщ, къэк1уэнырщ.

Насыпыр, узынщагъэ, гукъыдэж, дэрэжэгъуэ щымыщ1эу псэуну дохьэуху республикэм и медицинэ лэжьакIуэ псомэ.

КЪАРДЭН Маритэ.

Кардиологиемк1э центру Налщик къаэз дэтыр и тепъэк1и и къызэгъэпэщык1э-к1и нэгъуэщ1 сымадджэщ куэдым иофI эк1. Iэщ1антIэр, пэщхэр иджырей зэманым деж къызэрыщык1ам и мы закъуэу, абы медицинэ Iэмэпсымэ лъэщ куэд щIагъэуваш, гуузэ зэмыл1эужьыгъуэхэм щеIэзэ отделенэ зыбжанэу гъэшащ.

Зыщагъэхъуж ик1и зыщагъэпсэху

Щ1ЭРДАН Нодар зи унафэщ1 центрым нобэ щагъэхъуж ц1ыхуэ 250-м нэблагъэ. Абыхэм къафIэузыр зэрызэпхъуэтщ1ыкIк1э отделенэ зэхуэмыдэхэм щ1оГъуатъхьэри, зи зэфIэкIыр республикэ псом къыщащ1ыта дохутырхэр зрагъэIэзэ.

Ащхуэдэ зы къуадэмэщ медицинэ щIэныгъэхэм я кандидат, кардиолог Iэзэ Къанало Маринэ зи унафэщIыр. Маринэ 1980 гъэ лъандэрэ пэрытщ а Iэнат1эм. Щ1эныгъэ нэхъыщхьэ зригъэужауэ, клиническэ ординатурэри кынухыжа нэужь, кардиологыгу лэжьэн щ1ндзащ, 2003 гъэм щегъэжьауэ 3-нэ отделенэм и унафэщ1 кIуныкIыр и пщIэ къыдалъхьащ.

- Ди отделенэм ц1ыху 50 щ1охуэрэ, зы гъуэлъыпIи нэщ1у щыщыт къытхунхуэркъым, - дыщ1егъуазэ Маринэ я лэжьыгъэм. - Ди дежи къокIуалIэ зи гум, гум екIуалIэ лъынтхуэхэм сэкъат игъэтахэр, ишемическэ зэрыфэр кIыззуалIэхэр, нэгъуэщ1 гу зэрыфэ лIэужьыгъэхэр зиIэхэр. Абыхэм ящ1ыщ дэтхэнэми гулытэ хэха зэрыхуэтщ1ыным, хущ1ыхь-мастэкIэ нэхъ щIэхьу кIыззэрызэдгъэпэщыным дыхущ1окIу. Ди гуапэ зэрыхущ1ыным, ищ1ыным зэманым къакIу эрт.

Ащхуэдэу, зэгуэрым, ТекIуэныгъэм и махуэ эшхэм къэкIуауэ палатэхэр кIыззэхикIуэхырт, сымадж эк1эм еплъыр т:

- Зыщ1ибгъэпсэхур, уи бынунагъэм ущ1ыхэсри сытым щыгъуэ, Гъуэр? - жыс1эри сеупщ1ащ абы.

- Мы сымаджэщыр си унагъуэ ет1уанэщ. Си сымаджэхэм я Iуэху зыIутыр сымащ1эу си гум зигъэпсэхунутэкъымэ? Аращ сыкъыщIэкIуэр, - жиIащ Гъуэр.

Къерым и сымаджэхэм я узыр ящхьэщ1ытхащ жиIэу къыщ1ит1ыгъэк1ыжьащ, атIэ нэгъуэщ1 узыфэу япкърыщ1ыгъэ.

Сымаджэхэм я нэгу зэлъыIухахэм къагъэлъагъуэ дохутырхэмрэ медсестрахэмрэ я кIалэн нэхъыщхьэм зэрыпэлъэщыр, абы кIыдэкIуэу дэтхэнэ зы№ гупагъэрэ дохутырэрэ зэрыбгъэдэлъэтыр. Ащхуэдэуи абы щ1ыхэт т окъуэ зи узынщагъэр зэфIэувэжауэ щ1эк1ыжкъэм я гурыпхъэр зратхэ тхыпхыр. Дохутыр Iэзэхэу Бэрбэч Танэ, Егъэн Оксанэ, Къуэ Линэ, Батыр Заур сымэ я ц1эр куэдрэ къыщ1ыхьащ абы, отделенэм и унафэщ1 Къанало Маринэ хужа1э псалъэ гъэпсэн гъунэмащ.

Кардиологиемк1э центрым щыщагъэхъуж ди республикэм и район псомэ къакIуэ ящ1ыгъэуэн гъунэгъу республикэхэм я щ1ыхуэкIэ щ1ыхуэкIуэн я щ1ыхуэкIэ куэдрэ къохъу. Къанлом зэрыжи1эмк1э, сымаджэхэм я куэуэлъ къыщ1эрахутэн, зэрел1эуэ Iэмэпсымэхэр псорн я1эщ, иджырей оборудованэхэмк1э зыхуэя хуэзэгъэ зэфIегъэк1. Ар ц1ыху ещ1ыуэ, сымаджэхэм яхуэлъщагъэщ, апхуэдабзэрэ и нэ1э щ1эт дохутырхэм сыт щыгъуи чэнджэщ щхьэпэхэмк1э ядогуашэ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

Сурэтым: **медсестра Апэжьыхь Iюдэ сымаджэм и гум кардиограммэ трех.**

Тезылар **КЪАРЕЙ Элинщ.**

Зи Iэщ1агъэм хуэIэижь

Мы зхыгъэ гуапэмк1э зи гугъу сщIыну сызыхуэйр республикэ сымаджэщым и хирургием и 3-нэ къудамэм и унафэщ1 Кьер Гъуэррэ абы и лэжьэгъуэмрэщ.

● ДифI догъэлъапIэ

СЭ ИЛЬЭС 90-м сынэблэгъащ. Зи ныбжь хэк1уэтам и узынщагъэр зэрымыщ1эгъуэжыр гурыIуэгъуэщ. Си дежк1э абы щыгъущ зауэм кыхэсха ныкъуэдыкъуэгъэри. Дохутырхэм я1эщ мыпхуэдэ псальафэ: «Ильэс дапщэ ухьуми, апхуэдизэ узыфэ уиIэщ». Ар ик1и пэжу къыщ1эк1ыщ. Къызэуэхэм ельытауэ сымаджэщ зыбжанэ зэблэсхьун хуей хьуащ, ауэ иужьрей ильэсхэм эхъыбофэрэ сыщ1эжащ Гъуэр зи зи унафэщ1 хирургие къудамэм. Си узынщагъэм щ1ыгъэ1у щыкIэлъызмыгъэпльами, Кьерым и унафэм щ1эт гупым ядэсльэгъуа хабзэ дахэм, цыхугъэм, гулыитэм, зэхэщыкIым хуэдэ къыздеIуэжI, зи Iэщ1агъэм хуэпэж медицинэм и лэжьакIуэхэм щ1ызэуIу сыкуэзакъым. ЛэжьакIуэхэм уаэрэыIупльэу, я нэгу зэIухахэм уи узыр нэхъ псынщIэ пщащ1. Сыт жаIагъэ мы кIуэдамэм сыщ1эмыльами, гулыитэ хуэныкъуэу, зыужей хущхьуэр имыгъэ1этауэ тхьэусыхэ гуэри срихьэлIакъым.

Щ1ыз1ащ дохутыр Iэзэ зи дакьикъэкIи къыдэрэмыхухуу и пIалъэм сымаджэщым къыщ1ыхьэрэ, и зэфIэкI псорн ирихьэлIэу, и зэманым нэс лажьэрэ щ1экIыжу. Апхуэдэм зыри хужьыпIэфынукъым, и кIалэныр хьэлэлу игъэзащIащ, зигъэпсэхуну хуитщ. Ауэ, сэ сызэрепльымкIэ, дохутыр нэсым дежкIэ ар машIэщ.

Дохутыр нэсым ц1ыхум уэзыр щхьэщ1ихьн, ажалым кьригъэльэн папщIэ и зэманым елбэжьн, и щхьэ Iуэхур ятэ ирилъэщ1ын хуейкъым. Апхуэдэу зэрыкьыс-Iэмк1э сэ зыгуэрэхэр сущ1ижьну аракъым, атIэ Гъуэр и гупым ядэсльэгъуамрэ я зэхэтыкIэмрэ, я пщэрылъхэм жхуэпIащ1эхэр зэрыгъэзыхьэм щ1ызэуIу сыкуэзакъым. ЛэжьакIуэхэм уаэрэыIупльэу, я нэгу зэIухахэм уи узыр нэхъ псынщIэ пщащ1. Сыт жаIагъэ мы кIуэдамэм сыщ1эмыльами, гулыитэ хуэныкъуэу, зыужей хущхьуэр имыгъэ1этауэ тхьэусыхэ гуэри срихьэлIакъым.

Щ1ыз1ащ дохутыр Iэзэ зи дакьикъэкIи къыдэрэмыхухуу и пIалъэм сымаджэщым къыщ1ыхьэрэ, и зэфIэкI псорн ирихьэлIэу, и зэманым нэс лажьэрэ щ1экIыжу. Апхуэдэм зыри хужьыпIэфынукъым, и кIалэныр хьэлэлу игъэзащIащ, зигъэпсэхуну хуитщ. Ауэ, сэ сызэрепльымкIэ, дохутыр нэсым дежкIэ ар машIэщ.

Дохутыр нэсым ц1ыхум уэзыр щхьэщ1ихьн, ажалым кьригъэльэн папщIэ и зэманым елбэжьн, и щхьэ Iуэхур ятэ ирилъэщ1ын хуейкъым. Апхуэдэу зэрыкьыс-Iэмк1э сэ зыгуэрэхэр сущ1ижьну аракъым, атIэ Гъуэр и гупым ядэсльэгъуамрэ я зэхэтыкIэмрэ, я пщэрылъхэм жхуэпIащ1эхэр зэрыгъэзыхьэм щ1ызэуIу сыкуэзакъым. ЛэжьакIуэхэм уаэрэыIупльэу, я нэгу зэIухахэм уи узыр нэхъ псынщIэ пщащ1. Сыт жаIагъэ мы кIуэдамэм сыщ1эмыльами, гулыитэ хуэныкъуэу, зыужей хущхьуэр имыгъэ1этауэ тхьэусыхэ гуэри срихьэлIакъым.

Щ1ыз1ащ дохутыр Iэзэ зи дакьикъэкIи

КъБР-м и ТхакIуэхэм я союзым илъэс 20-м нэблэгъауэ щолажьэ «Шыхулъагъуэ» литературэ хасэр.

Литературэм гу хуэзыщIа щIалэгъуалэм я чэнджэщэгъу тхакIуэ Хьэх Сэфарбий зэрыжиIэмкIэ, мы зэманым щIалэ, пщащэ зыбжанэ хъахэжаныкI хъуащ университетым, курыт еджапIэхэм щIэсхэу хасэм илъэс зыбжанэ хъуауэ къекIуалIэхэм. Абыхэм я IэдакъэщIэкIхэм хухэтхащ мы напэкIуэцIыр.

ГУГЪУЭТ Заремэ

Пшынэ макъ

Зэкэсхмэ пшынэ макъ дахащэ,
Нэхъ псынщIэу къоуэ си гур къасщIэу.
Сыщытщ пшынаэм сыхуэзанщIэу,
СодаIуэ пшынэм зызмыгъэнщIу.

Адыгэ пшынэр мэбзэрабзэ,
Къреш абы макъамэ къабзэ.
Сыкъхэсу сабий гушхуам хуэдабзэ,
КъыщцыIукIэ, жыжьэми, пшынэбзэ.

СедаIуэурэ, си нэгу къыщIохьэ
Дуней щIэращIэ, гъатхэ дыгъэ.
ЗеIэт макъамэм, си гум къохьэ
Къуршыпс Iущащэ, уафэ бзыгъэ.

Макъамэм ахэр щызогъафIэ,
Теплъэгъуэхэр къыстщохьу щIэращIэ.
Си нэгум щIэтщ сурэт купщIафIэ,
Тетыыджэу нIэр хэкум, гъащIэм.

* * *

Бжьыхьэ мэзым знущэхъууэ
Щыгъ, зыпходэIукI,
Тхьэмпэр жыгхэм къапыхъууэ,
Щылъщи щим, сапжькI.

Мэзым хуэму жэщ щытохьуэ,
Хъуреягъыр кIыфIщ,
Псэ зыхъэ зыгъэ гур лъохъуэ,
Ауэ мэзыр щымщ.

Магъ дунейр, ткIуэпс щIыпIэхэр къыстоткIуэ,
Псыхъэлыгъуэр нрожэ щIым.
Уафэми пшэ фIыщIэхэр щызокIуэ,
Махуэ псыфыр къытогъуэлъхъэ гум.

Уэшхым щегъэтыж, къыкIуокIыж дыгъэр,
Удз гъэгъахэми зыкъалэтыж...
Сыту фIы уепIтыыну уафэ бзыгъэм –
Нэщхъеягъуэм сыкъеутIыпщыж!

КЪАНЫКЪУЭ Анфисэ

ГъуэгущхьитI

Ехьэхауэ си щхьэр мащIэу
Сымыхъейуэ, мис, сыщытщ.
КъэзгъэщIауэ хьуа си гъащIэр
КьызощIэж, си нэгум щIэтщ:

Гу зэвэгчи, гуп, нэгум щхьэгъ,
Лъагъуныгъи, нэпс щIэкIаи,
Гукъыдэ жи, схуэмыгъуэни,
Схуэмахуэни, сэщIэкIаи.

ГъащIэ ныкъуэр згъэсхакъуэ,
Сахуэр си бгъэ жыпым ильщ.
Сэ кIэщI-кIэщIурэ собауэ,
ГъэщIэгъ уэн си нобэм пылъщ.

ЩыгъэхокIыр гъуэгущхьитIыр.
СыздэкIыуэн согупсыс.
Сыт схуэужьину сызыхуитIыр?
Си Iэпхъуамбзэкр мэсыс.

Согузавэ. Хуэдэщ си гур
Схуэмыбыдыу кьысфIипкIыкI.
Кьытольадэ нэпсыр нэгум,
Дауэ сщIымэ, дауэ хьун?

Гъуэгур тIууэ щауэгъэшм,
ЩIхьэ ещанэр щыгъупща?
Пщдэйр кьыщIыбжаIэ пэшым
ЛъагIуэ сыт щIыхуамыщIар?

ДЗЭГЪАЩТЭ Азэмат

Ди IуэрыIуатэ

Рассказ

ЯПэ курсыр къызоух иджы. Зы профессорыжь гуэру фIэкI зикъыссщыхьуэ-тэкъым, ильэпсыр кIуэху еджаным тIэкIу сетуIуэуагъ. Экзаменхэр зэфIэкIмэ, кьуажэм зыщыгъэпсэхуну мурад сщIат. ИкIи быдэу сигу изубыдат зыгъэпсэхугъэу мазэхэр кIуэху зы тхылъи зы тетради къэзмыщтэну, ауэ дэнэт, ди еджапIэм зыгуэр къамагупсысу хуэунт! Зыщагъэпсэхуми чырбыш ящI! Экзаменхэр дымыиуэ щыкIэ дызэхуашэри, практикэ хуэдэу, адыгэ IуэрыIуатэ зэхуэтхъэсыну ди пщэ кьыдалъхьащ.

Хэт и студент гъэмахуэм IуэрыIуатэ зэхуихьэсу, итхыну дэтыну? АрщхьэкIэ, унафэ кьыпхуащIамэ, зэфIэкIат. Ауэ щыхъукIи, адыгэ IуэрыIуатэр куэд щIауэ ябзщ ядри, тхылъри кьыдагъэкIыжат. Арати, соуэри зыкъомри тхылъым кьызоуд, и ныкъури къэзгупсысурэ сотх, си гъунэгъу лIыжь-фызыжьхъэм кьызжаIэжа хуэдэу. Ауэ, дауэ сымыщIми, сызыхуей мардэм схуэнгъэсыркъым. Лэжьигъэр кьыщыдатам, мыри жаIэгъат: «Зы гъэщIэгъуэн гуэр зыщIапIи щытрамыдзауэ къэзыхьым, и лэжьигъэр университым кьыдигъэкIыну тхылъым ихуэнунщ». Сэ апхуэдэ зыгуэр стхыжыну сыхуейт.

Ди кьуажэм зы лIыжь-фызыжь кьыдэзнакъым зыхуэзмыгъаззу. Хэт дэж сымыкIуами, модрейм Iэпэ хуащIуэрэ, кьуажэр хъурейуэ тIэу къэскIуХьащ. АрщхьэкIэ, я къуэрылъху-пхъурылъху цIыкIуэгъэ тхылъкIэ кьызэджэу зэхахарат жаIэжхэри, лотгэзэхэр зэрыбгъэщIыпыр? Иужьым, зэманым нэхъ срикъуэлIэ щыхъум, гъунэгъу кьуажэ гуэр сыкIуэну мурад соIщ. Кьуажэ сыздэкIуэм и Iэтащхьэм дэж сыщIыхьэри, абы кьыщIэжаIащ ЛоцIыкIу Хьэхэн жьхуаIэр сэбэп кьысхуэхъуфыну. СыгуфIэу сокIуэ. Соджэ. БжэщхьэIум зыгуэр кьытоувэ. Ауэ абдеж кьытеувамрэ сэ а лIыжьыр си нэгу кьызэрыщIэзгъэхьамрэ шурэ кьызэрыщIэзгъэхьамрэ щурэ щIыпIэхэрэ я гъэхуакъуэ. Сэ си гуГъат ар лIыжь бжьыфIэщхуэу, ауэ, мыр лъахъшэ цIыкIу гуэрт, щIафтэу упса и щхьэм, хьэлывэшхуитI лъэныкъуэ зырызымкIэ кьыгуагъэува фIэкIа умыщIэу, и тхьэкIумиIтIыр кьыгуэщинкIыну. Махуэ хуабэм и джанэр щригъэхагъэнт, щIалэжь цIыкIуэм ещхьу, майкэ щIанэт икIи сэлам изохри, соупщI:

- ЛоцIыкIу Хьэсэн жьхуаIэр уэра?

- Уей, сэрам. Уэ хэт ухьуну?

- Сэ университым сыкъикIри, сыкъэкIуащ, IуэрыIуатэ стхыну.

- Уи закъуэ?

- Мы гъэм си закъуэщ, схыр ягу ирихьмэ, итIанэгъэ тIу кьагъэжьуэнущ.

- Бзэгу гъэжIэрахъуэ пIыгъ?

- Сыту? - Iэнкун сищIащ. Иужьым кьызгурыIуэжри, - сымыIыгъмэ, къэдрэ ар, «Чарлкэ» нэхъыфI хьэмрэ «Реал» нэхъыфI, - жызоIэ.

- Хьым. Уей хэбдзын хэмыт. КъаакIуэ, мыбдеж ущымытхэнумэ, - жеIэри унэмкIэ сыщIэшэ.

Си макъытх цIыкIур щIэзгъэнаго, изогъэтх жиIэж хьыбархэр. И жъм кьиныр жиIэрт лIыжьым. Зауэмрэ лэжьыгъэмрэ епха гукъэкIыжхэм кьыхэхъуэж офицерхэм, унафэщIхэм ехьэуну арати, ахэри ебгъэтхрэ, жиIэу кьызэущIт. Сэри:

- НтIэ, зиунагъэрэ, ар IуэрыIуатэм хьихьэркъэ?! - жысIэрт.

Апхуэдэурэ, былым кьыщIохьжыгъэурэ кьэсагъэнт, куэбжэм лIыжьым и жэмыжьыр кьыщцыбууэ кьуэващ, зейм ещхьу, и жьэр имыгъэувыIэу.

- КIуэт, си жэм кьарэжьыр кьыдгъэхьэжи, мо Iуэм щIэхьжьит, сэ сымыгъакIуэу...

Iуэм изгъэхьэжри, Iус хуагъэувауэ щытым бгъэдэлъэдащ. Еспхьжьну сыщыIэбэм, кьызэбжьэкъуэуэн хуэдэу зищIати, цернькъэри хьифIэзэдэпх. Сэ си гуГъат ар лIыжьк бжьыфIэщхуэу, ауэ, мыр лъахъшэ цIыкIу гуэрт, щIафтэу упса и щхьэм, хьэлывэшхуитI лъэныкъуэ зырызымкIэ кьыгуагъэува

ЗЫГЪЭПЭХЫГЪУЭ МАХУЭМ
Малъхъэдис

●Къэпкъ шхыныгъуэхэр

Тхъэмщ1ыгъуэр к1ап1эрэ дэщ1ыгъуу

Псым мащ1эу шыгъу хадзэри, тхъэмщ1ыгъумрэ к1ап1эмрэ зэщ1ыгъуу ягъавэ. Абы халъхьэ бжьын щ1ынэ, къуэнтхъурей Іэрамэ зырыз, зы шыбжий пт1ыжь щ1ыкIу. Хьэзыр зэрыхъуу, тхъэмщ1ыгъури к1ап1эри кыхъах. Т1эк1у зэрыпщ1ы1уу, бзыгъэ-бзыгъэу п1ащ1ту зэпаупщ1 (тхъэмщ1ыгъум и Іувагъэ сантиметр 1,5-2, к1ап1эм - зы сантиметр мынэхъ Іуву).

Тхъэмщ1ыгъу бзыгъэм к1ап1э Іыхьэ т1ельу Іэнэм трагъэвэ, бжьыныхуу шыпс, п1астэ дэщ1ыгъуу. Мы шхыныгъуэр хуабэуи щ1ы1эуи пшхыну гурыхьщ.

«Адыгэ шхынхэр» тхыт1ым кънтхъ1жащ.

●Хьуэхъуэхэр

Зи Іэщ1агъэр фІыуэ зыл1агъу

Щ1ыхум насыпи гуфІэгъуи дегъуэт и лэжьыигъэм, гу къабзэк1э, псэ хьэлэдэк1э абы бгъэдэтмэ. Фіыуэ пл1агъу Іэщ1агъэм урилэжьэным хуэдэ щ1ы1эк1эм, абы щ1ы1ыхь щ1ы1ыхь. Сэбэн уахуэхъуфмэ, ар насыпы-шхуэщ.

Апхуэдэ щ1ы1ыхь Аргуадж къуажэ сымаджэщым и1ъэс гуэдзэ хъуауэ щ1ы1ыгъжьэ Мэлбахъуэ Риммэ. Медучилищэр къыщ1ихуа 1978 гъэм къыщ1ы1ыщ1эдзауэ нобэр къыздэсым ар сымаджэщым сабий медсестрауэ щ1олажь.

Риммэ бзэ Іэфі, гу къабзэ зи1э, хьэл-щэн дахэ зы-хэлъ щ1ы1ухуп, Іэпэ щабзщ. Инри щ1ы1ыри къыздэзыхьэ-хьыф щ1ы1ухуп. Медицинэм и лэжьакІуэхэм я махуэм ирилэп1эу ящ1ы1ыуэ Риммэ дехьуэхъуну: уи гъащ1эр дахэу, уи гухэхъуэр ину, уи бынхэм я хъер п1ъагъуу, щ1эбл къэхъуи п1щ1э къ1ыпхуащ1у, узынщ1агъэр уи1эу Тхъэм куэдрэ уигъэпсэу!

Пщ1э къ1ыпхуэзыщ1 уи къуажэгъуэр.

Фи бынхэр.

●Щ1э

Къабардей-Балъкъэрым и теплъэр уи нэгу кІыщІегъэкІ

Къабардей-Балъкъэрыр Урысейм зэрыхихьэрэ нтъэс 450-рэ зэрырикъум хуэгъэпсэ плакат щхъуэк1эп1ъыкІэхэр Котляровхэ Марнерэ Викторрэ я тхыл1ъ тедзап1эм къ1ыщ1эдэк1ащ.

«ИГЪЩІЭКІЭ Урысейм дригъэсэу» псалъэхэр зытетха мывэ сыным и сурэтыр зытет, дыжьыныфэу гъэщІэрэщІа, тхыл1ым-п1э Іувым кІыхьщІыкІа и жинтым гу лъ-мытэнкІэ Іэмал и1экъым. Дахэу ягъэщІэ-рэщІауи езы плакатхэри, абы1ъэм къыгец сурэтхэр тхыл1ъ тедзап1эм и сурэтыщІ Щоджэн Жаннэ и Іэдакъэщ1экІщ.

Плакатхэм къ1ыщІыгъэлъэгъуащ мыхьэ-нэшхуэ зи1э ухуэныгъэхэр (Правительствэм и Унэр, Налшык кІалэр, мэжджытыр), республикэм и щІыпІэ дахэ хэр (Іуащ1ьэмахуэ, Амырхьан-кІалэ гъащІанэр, Фердык-кешене бгъэнщІагъыр), ц1ыху ц1эрыІуэхэр (Пащ1э Бэчмырэз, Мечиев Кязим, Щ1ожджэнщ1ыкІу Алий, Кулиев Къайсын сымэ я фэеплъ сыН-хэр), ц1ыхубэ Іэпщ1эпъапщ1эхэм я Іэдакъэщ1экІхэр (адыгэ л1ъэпкъ фащэр, макъамэ Іэмэпсымэхэр, щэрджэс к1ымэр, тхыпхъэщ1ыпхъэхэмкІэ Іэпщ1эпщІа тепщэмыщ1ыуэхэр). Апхуэдэу нужьрейм хохьэ П1аээ Алёксандррэ Аз3мэ трэ, Гъбайхэ Валерэрэ ФатІимэтрэ, Эмстафэ Вячеслав, Абей Ларисэ, Мокаев Владимир сымэ я Іэдакъэщ1экІхэу мывэ л1ъапІэхэм къ1ыхэщ1ыкІауэ ц1ыхубзхэм зэ-рызэгъэщІэращІэ хьэщ1ыпхэр.

Плакатхэр псорт 15 мэхъу, ахэр л1ъэныкъуитІыкІи къзбгъэсэбэп хъунущ. А бжьгъэм хэмыхьэу абы1эм ящ1ыгъщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и гербырэ ныпымрэ кІыэзытещ1 плакатхэр. Щ1хьэк1эп1ъыкІэу гъэщІэрэщІа, Къэбэрдей-Балъкъэрым и теплъэр п1ъыфабзу уи нэгу кІыщІэзыгъэхьэ сурэтхэр ныбжьыщІэхэр хэкупсэу гъэсэныМкІэ дэІэпыкъуэгъуфІщ. Ахэр щ1ыбг1эпъагъуэ хъунущ курыт еджап1эхэм, библиотекэхэм, Щ1энхабзэмкІэ унэ хэм, санаторэхэм, к1эщІу жьпІэмэ, сыт хуэдэ Іуэхущап1эми.

Мыпхуэдэ проект КъБР-м и тхыдэм иджыри къэс хэтакъым.

ГЪУКІАКЪУЭ Идар.

●ФщІэн папщІэ

Ди лъэпкъым къытхужа1ахэр

Хэку псом зэдай Іуэхухэм пэкІухэм щ1ытопсэлъыхь, абы хэтыну зыхуэфащ1э л1ыкІуэхэри гах. Апхуэдэ зэхуэсыр пщ1ы нэхъыжьым ирегъэкІуэкІ. А зэІущІэм пщ1ыхэр щхьэхуэу, уэрэхъэр щхьэхуэу щ1ы1эхэщ, абы1эм я Іуэху пхы1ыгъэкІыфын, жьакІуэу псэлъэф щ1ы1ыхуи я гъусэжщ. Я1пэ щ1ыкІэ гу-пит1ми я л1ыкІуэхэр зэхуэгъакІуэри я Іуэхум топсэлъыхь, и1анэ пэкІухэм щ1ы-зэхуосхэр. ЗэрыжаІэмкІэ, а зэхуэсхэм икъукІэ хабзэшхуэ, зэхэтыкІэ дахэ щ1ы-зокІуэ. Аращ щэрджэсхэм я къэрал уэхэкІэм теухуауэ къэтщІэфар.

ПОТОЦКИЙ Ян.

Щэрджэсхэр (адыгэхэр) щхьэгущаб-хэщ, щэныфІэхэщ, псом хуэмыдэу да-хэщ я сабийхэр. Абы1эм хьэщІэр гъэлъэп1эныкІэ къап1эл1эщ1ын щ1ы1эх-хэкъым. Ауэ кутыкъуауэ гъуэгум кы-тена хамэ щ1ы1ухур гъэр ящ1ынкІи хъунущ...

ГЛАВАНИ Ксаверио.

* * *

Къэбэрдейм гушхуэ к1ыуэЦІылъу, и акъылыр жану зигъэсащ, щІэчэ имыІэу зыхэт л1ажьыгъэ гуэрыІ и фІыгъэкІэ и Іэпкъл1эпкъыр дахэ, лантІэ, къарууфІэ хъуащ. И хэкур фІыщ1эу зэрил1агъум къыдэкІуэу, адыгэм и гугъэ зэи хихы-жакъым и л1ъпкъым и щ1ондейр зэ-рыфІыгъум, зэрыдахэщ1у... Я щ1ы1уу-хьухэм хьэл-щэнкІэ дапл1ъеящ1 адыгэ Іуэхубзхэри... Адыгэ щ1ащ1эр щ1ы1ка-фІэщ1, и щхьэм и уасэ зыщІэж щ1ы1ухуд. ДахагъкІэ абы1эм япеуэфын зэрыщ1ымы1эр куэд щІауэ псоми ящІэ: щ1ы1ух л1ъагъуэгъуафІэхэщ, Іэпкъл1ъапкъ зэкІуэжхэщ... Уардэу, Іэдэбу зокІуэхэ.

ДУБРОВИН Николай.

●Джэгукіэхэр

Псалъэ зэпыщІэ

Щ1ы1у т1ырыт1у мэджэгу. Псалъэхэр макъ дапщэ хъуми ягъэ кІынукъым, ауэ дэтхэнэ зыри хьэрф дэкІуа1экІэ ихуэ щ1ы1ын хуейщ. Сыт псалъэ гуэр жеІэ. Адрейм а кІ1ыжраІар зэриух хьэрфымкІэ кІы-щІидзэу нэгъуэщІ псалъэкІэ жэуап кІре т, и1анэ абы ещхьырыкІабзэ, дж-эгур зэхэзыІ1ублам пещэ. Псалъэм папщІэ: *алэрыбгъу - гъуэгу - гуэгуш - щэщ - щащ1ыхь - хуэмыхь - хуГу*, н.къ.

Ущ1ыджэгукІэ зы псалъэр т1эу кІ1ытебгъэ3эжу жыпІэ хъунукъым, куэдрэ зыпІэжьэми, пфІахьэ-хуащ.

МАФІЭДЗ Сэрэбий.

●Псалъэжьхэр

Щ1ы1ыгъ л1эй хъ1ркъым

❖Іэпхъуамбэхэр зэхуэмыдэ щ1ы1эк1э зэдошэрыуэ.

❖Хамэ1эк1э шыпсыранэ епщІэ.

❖Л1ы мышынэр умыгъэгубжь.

❖Зи щхьэ Іуэху зыхуэмыщІэжыр хамэ Іуэхук1э ерыщІ.

❖Щ1эныгъэ лей хъуркъым.

❖Шу закъуэщ жыпІэу утемыгушхуэ, гупышхуэщ жыпІэу уащымышынэ.

❖Унагъуэщ1э хьэщ1э хуэфІщ.

●Жыіэгъуэхэр

Хьэгубзыгъэ

♦ Л1ыгъэм зумыгъэхь: езыр зехьэ.

♦ Сэбэпынщэ зэпэубыда щ1ы1экъым.

♦ Уи щэхур зыгъэрэхэм яжеІам1э, адрейхэри къыумыгъанэ.

♦ Пщ1ыр нахуэщ, пэжыр щэхущ.

♦ Гум щ1ы1энум щхьэр хуитк1ым, щхьэм ихьэнур гум ищІэркъым.

♦ Гурыщ1эм и гъащІэр зигъэнщ1ыхуащ.

♦ Гупсысэр ёжьэмэ, ну мэхъу.

♦ Къагъэгугъэрейр къэзыгъэгугъэм ещхь мэхъуж.

♦ Къ3зыгъуэт зэпымыуэ мэлъ1ыхъуэ.

НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэщ.

Щ1ыпхъэп1эхэм я цирк къыз3зыгъэпэщІа, къигъуэт нэкъыфІэщІ ІуэхугъуэхэмкІэ дуней псом щ1эрыІуэ щ1ы1ыхьэ франджы режиссер Жанти Филипп и «Щ1ым и гъунэ» л1эжьыгъэр мы махуэхэм щ1ъпэгъуэщІ театрхэм я Чеховскэ фестивалым.

МЫБЫ къ1ыщ1эта Іуэхугъуэ-хэр куэду зэхэухуэнащ. Гъэкъ-гъэр щІэщ1ыгъуэ, дагъуэнщэ ищІащ1 музыкантхэм, художник-хэм, скульпторхэм я гуащІэр режиссерым и гупсысэм екІуу зэ-рых3зэгъам.

Зыгъэхьэзырар **ИСТЕПАН Залинщ.**

Зэхьэзэхуэ ин

Музыкант ныбжьыщІэхэм щхьэкІэ къ1ыззрагъэпэщ дуней псо зэхьэзэхуэм, Чайковскэм и цІэр зезыхьэм, и 13-нэ зэІущІэр и гуащІэхуэу ю-кІуэкІ. Тхьэмахуэм и пэ зэфІэкІ къззыгъэлъэгъуэ пианистхэм мы махуэхэм къахы-хьащ скрипачхэр.

ЗЭПЕУЭМ хэт музыкантхэм я нэхъыбэр зэхьэзэхуэ зэхуэмы-дэхэм я лауреату, т1ЭкІэныгъэ мымащІэхэр зы1эрагъэхьауэ, зы1эрыт Іэхэм уэхэзижьу зэрыщ1ытым зи гуГу тщІы зэІущІэр нэхъ хупщІафІэ зэрищІым шэч хэлъкъым.

Москва дэт Макъамэм и унэм махуэку махуэм щ1ек1уэк1а пхъэидзэм наІуэ къыщІащ хэт сыт щ1ыгъэ зыкъ1ыгъэлъэгъэ-нуми. Псалъэм папщІэ, зэІущІэр къ1ыз3Іуихынущ Москва къэрал консерваториер къ3зыухэ, иджыпстэу Франджым щеджэ Кикшуевэ Еленэ. Зэпеуэм нэхъ щІалэ дыдэу хэт, Канадэм щ1ыщ музыкант ныбжьыщІэм 13-нэу щ1ы1эпъэгъэнущ. Зи 3эфІэ-кІыр утыку къизыхьэнухэр псори зэхэту 37-рэ мэхъу.

Зэхьэзэхуэм и къэпщытакІуэ гупым я пашэщ Спиваков Вла-димир. Чайковскэм и цІэр зезы-хьэ 4-нэ дунейпсо зэхьэзэхуэм и лауреатым фІы дыдэу къыгу-роІуэ зэхьэзэхуэм хэтхэр зэры-плейтейр.

Илъэс 12-кІэ ямыгъэлъэгъууэ

Мэкъуауэгъуэм и 21-м Москва зэрыщ1ар зэпэзгъуэнум хуэгъэхьэзыр «Корсар» балетыр. Ар ягъэуващ хореографхэу Ратманский Алексейрэ Бурлакэ Юрийрэ.

Жэщ-махуэ ямыІэу ёолэжь илъэс 12 пЫандзэр Театр иным и сценэм щамыгъэлъэгъуэ лэжьыгъэшхуэм. Абы ёолэжьэ Іуэхугъуэхэр гугъу ящ1 лІыхъужь куэд дыдэ зэрыхэтым, пантомимэр зэребэкІым, нэгъуэщІхэми.

Письмохэм я роман

Къыз3эралъхьэр илъэси 100 мы гъэм ирикъу тхакІуэ Шаламов Варлам теухуа нэхтн мымащІэ ягъэхьэзырац, тхы-гъэщхьэхуэхэр къыдэдыгъуэ зэхуэмыдэхэм къытехуащ.

АУЭ ЩЫЛЭЩ хуиту цІыхухэм щІамыджыкІыф тхыгъэхэр: ар Шаламовымрэ Пастернак Борисрэ зэхуатха письмохэрщ. Шаламовым и нЫбжьгъуу щ1ыта Сиротинскай Иринэ хуэ-сакъыу дафтэр хъумап1эм щ1ы1ыгъ мы тхыгъэхэм шэч лъэпкъ къытумыхьэу фІэпщ хъунущ «Литературэм, ц1ыху гъащІэм теухуа письмохэм я роман».

«Доктор Живаго» романым щеп1эжьым, Пастернак къ1ухэтхэу щ1ыта Шаламовыр зэгупсыс Іуэхугъуэ псори къ1ызытещ гъуджэу Борис и1ауэ жыпІэ къ1ынущ. Сыт щхьэк1э жыпІэмэ, уп1щІэу къ3уэ псоми жэуап яГуэ1ыныМкІэ ар сэбэп къ1ыхуэ3хьурт, чэнджэщгэгъуфІу и1эт.

- Письмоуэ зэхуатхэр къанэ щ1ымы1эу ц1ыху гъащІэрщ зытеухуар, - жеІэ Пастернак и къуэ Евгений. - Сэ си гум къокІыж си адэм къ1ыдэрыхьа тхыгъэхэр кІыщтэу «сэ къ1ыхуагъэхьащ уэ тепЫдджэхэр» жи1ауэ зэрыщ1тар. Ар Шаламовым и Іэдакъэщ1экІэхэр.

Щ1ым и гъунэ

Пщ1ыхьэп1эхэм я цирк къыз3зыгъэпэщІа, къигъуэт нэкъыфІэщІ ІуэхугъуэхэмкІэ дуней псом щ1эрыІуэ щ1ы1ыхьэ франджы режиссер Жанти Филипп и «Щ1ым и гъунэ» л1эжьыгъэр мы махуэхэм щ1ъпэгъуэщІ театрхэм я Чеховскэ фестивалым.

МЫБЫ къ1ыщ1эта Іуэхугъуэ-хэр куэду зэхэухуэнащ. Гъэкъ-гъэр щІэщ1ыгъуэ, дагъуэнщэ ищІащ1 музыкантхэм, художник-хэм, скульпторхэм я гуащІэр режиссерым и гупсысэм екІуу зэ-рых3зэгъам.

Зыгъэхьэзырар **ИСТЕПАН Залинщ.**

Кьэбэрдей-Балъкъэрым и теплъэр уи нэгу кІыщІегъэкІ

●Щ1э

●Фэ фщІэрэ?

Анэдэлъхубзэм щ1ы1ыгъу къумыгъэсэлъ1ыжьэ

Шэмп1аул - пасэрей фоч л1эужьыгъуэ.

Щэру - ц1ыхум и теплъэ, и зэхэлъыкІэ.

Щэтвэр - арщ1ым и Іыхьэ п1ІанэІ; бжьыз.

Щэжуд - псы к1уэц1рымы-кІын папщІэ щэху гъэтк1уа ирагъэфа щэк1эхэ1.

Щугунэ - Іуэхум щ1ымыщ.

Щужьей - шу хахуэ.

Щхьащ1эщ - п1щэфІап1э ц1ыкІу.

Щ1ы1уэгу - унэ щ1ыбагъ.

Щ1ыгъвэ - щ1ыгъушыпс зы-щІэзыфа щэкІэхэ1.

Щ1ыжьэ3эта - арджэным хащ1ыхь тхыпхьэ л1эужьыгъуэ.

Щ1ыч - щ1ы1ыгъ.

Щ1ыритІым - адыгэ кьафэ л1эужьыгъуэ.

Щ1цуэс - жьгъей бдзэ щ1ы1у-хэурэ кьес уэс.

Щэдж - хьэвэ щ1ы1эу зэ-тельхъа пхырхэм ироджэ.

ЩэлампІырэ - нартыхуэ хуп-щІынэм щэ к1уэц1ыл1ырэ хьэл1а-мэм хуэдэу ГъэвэщІ щхьынгъуэ.

Щтапхъэ - у1эгъэм ирищІа шыныр, л1ы п1ар кьыз3эрыгъэ-рагъэкъэбзыкІ Іэмэпсымэ.

Щхьэгъакъэ - зыкъ3ы3ыфІэ-щІыжа, нэгъэущІхэр з3эы3ы-пэс.

●Хьыбарегъащ1э

Фэеплъ сынхэр ягъэув

Сэрмакъ къуажэм щ1ы3эхэт «Dodo club» сабий-экологие зэгухьэныгъэм мэкъуауэгъуэм и 27-м Іуэху дахэ иригъэкІуэк1ынущ.

АДЫГЭ тхыдэм жьантІэр щ1ы3ыубда щ1ыу ц1эрыІуэхэу Къ3занокъуэ Жэбагъыр3 Хьэт1ох3ущокъуэ Кургъуокъуэрэ я фэеплъ сынхэр Дз3лыкъуэ щ1ы1ыгъ щ1ы1ыгъ Къзнжал бжьэпэм (Балъкъ псым и ижьрабгъу п1ъэныкъуэмкІэ къы-щ1ы1ыгъ) щ1ы1ыгъэ3ыныр щ1ыгъ ар зыгъэ3ухуэу щ1ытынур.

Зэ1ущІэм хэтынущ КъБР-м Щэнхабзэмрэ хьыбарегъащІэ Іэнат1э хэмкІэ и министерствэм и Іэщ1агъэл1эхэр, Гуманитар къэ хутэныгъэхэмкІэ Къбэрдей-Балъкъэр къэрал институтым и щІэныгъэл1эхэр.

-Dodo club-р зи жэрдэмщ1акІуэ Іуэхур дз3ы1ыгъ псоми Къзнжал бжьэпэм щек1уэк1ыну з3ущІэшхуэм зыкъ3ра-хьэл1эну ди гуапэщ, апхуэдэуи сурэтыщІхэр, архитекторхэр къ3ыдогъэбл1агъэ.

«Dodo club» сабий-экологие зэгухьэныгъэм и унафэщІ **МЫСЫРДЖЭН МуІэед.**

Псалъэзэблэдз

Ек1уэк1ыу: **7.** Сантиметр 71-рэ. **8** Ныпышхуэ. **9.** Къэбэрдей усакІуэ. **14.** Хьэжьущ1ыкъу. **15.** Сэх, щІэгъэкъуэн. **16.** Гуэгуш1ым и бгъэм тетІы Іущ1э. **17.** Диным зэрыжи1эмкІэ, апхуэдэ пэшэгъу языныкъуэ ц1ыхуэхэм я1эщ. **18.** Къыдал3хуауэ ц1ыхум и щІыфэм хэт. **19.** Жыг л1эдий гъум. **20.** Абы хиса жыгыр мэгъу. **21.** Іэнсл1эпсым щ1ыщ. **22.** Щ1ымахуэ щ1ыгъын. **25.** Губгъуэхэм, мэкъуп1эхэм уз1ыщрихьэл1э къуал3бзу мыин. **26.** Куууэ псым диха, уэх. **28.** Уафэм къех мыл тыкъыр щ1ыкІу. **29.** П1ал3-п1ал3кІэрэ къепщэжы. **30.** Пхэ сахуэ. **35.** Л1ьагъуГуей, теплъаджэ. **36.** Бжьэхущ1ы къ1ухуэщ1ыкІа щэкІ Іув. **41.** Пхъащ1э Іэмэпсымэ. **43.** Вакъэ л1ащ1э кІ1ыхь. **44.** Бдзэжьей зэрещэ. **45.** Пхъэщхьэмыщ1ыхь гуащІэ щ1ыкІу. **46.** УзыкІуэщ1ры1ыпл1ыф хъэуа. **49.** Тенджжы ФІы-щІэм и Іуфэм Іус къал3-курорт. **51.** Кавказ Ищхьэрэм щ1ыпсэу л1ьэпкъ. **52.** Зи нэхэр з3ел3пл1ь. **53.** Волг3 псым адыгэр зэрелдж. **57.** Псэ1ущІэ пэщхэм къ1ыпа-щ1ыхь унэ щ1ы1эп1э. **58.** Хадэхэк1. **59.** Къырхэм, губгъуэхэм щ1ыпсэу къуал3бзуущхуэ. **60.** Гушы1э хэл1у яуГ1ыпщ псэл1ьафэ. **61.** Бжьыхь щахуК1э чыр зыдадз1 пхъэ. **62.** Мадзэм тхъэмыщІк1эхэм ират ты-хьэ. **63.** Чыристан диным итхэр тхъэ щелъэ1у унэ. **64.** Щ1хьэусыгъуэ гуэркІэ къуажэр зыбгынауэ зызыгъэпщкІуу щ1ытам зэредзэр.

Къэхуэ: **1.** Кавказым щ1ыпсэу л1эпкъ нэхъ инхэм ящ1ыщ. **2.** Чым и упсахуэ. **3.** Іэ тегъэщІапІэ зи1э щэнт бгъуфІэ. **4.** Щ1ы-хухъуцІэ. **5.** КъарууфІэ, Іэчлъэч. **6.** Щ1ы щабэ зытет щэкІ Іув. **10.** КПСС-м и ЦК-м и Генеральнэ секретару щ1ыта. **11.** Нарт л1ыхъужь. **12.** Гъатхэм пасэу къэпъэтэж къуал3бзу. **13.** Къэбэрдей-Балъкъэрым и щ1ы1ыгъ. **14.** Жьэпс гъэфІэ1уа. **50.** Адыгэ макъамэ Іэмэпсымэ. **54.** Ил3эс-ил3эсит1 зи ныбжь щ1ыщІэ. **55.** Зэхэщ1ыкІ зимы1э, щхьэдыкъ. **56.** Махъсымэ къ3ы3ыхащ1ыкІ зэхэтъэва.

Зэхэзыпхъэр **МЫЗ Аньмэдин.**

Мэкъуауэгъуэм и 9-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

Ек1уэк1ыу: **1.** Теунэ. **4.** Сиплъ. **5.** «ГъущІыпсэ». **8.** Джьнпасу. **13.** СоГуэ. **14.** КІэпхъ. **15.** Зэрыгъ3ыж. **17.** «Сыножьэ». **18.** Адэщхуэ. **19.** «ГугъапІэ». **20.** Шуман. **26.** Адыгэш. **27.** КІэрахъуэ. **28.** Унэгуащэ. **31.** Тхъэгъу. **32.** Балэ. **35.** Сэрмакъ. **36.** «Мазизэ». **37.** КІэрэф. **38.** Нэхей.

Къ3ыу: **2.** Емыжь. **3.** Нысашэ. **5.** Ичынды. **6.** Идар. **7.** «Гъуэгуанэ». **9.** Ныгэшпэ. **10.** ПсыкІэ. **11.** «Мыцри». **12.** Ахъшэм. **15.** «Зэранщу». **16.** ЖармыкІэ. **21.** Пащты. **22.** Дыщэпс. **23.** Гуэгуэн. **24.** «Гуапагъэ». **25.** Щ1эджэм. **29.** Нэщанэ. **30.** Щомахуэ. **33.** Аркъэ. **34.** Бизе.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФЫЦІЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТЭХЭР

Жьэк1ымыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Гъурыжь Мадинэ (жэуап зыхь секретарь), ГъущІо Зариф, Жьлаеэ Маритэ, Льостэн Музэ, Уэрдокъуэ Жансурэт, Ныбжьк Таисэ, Шал Мухьэмэд.



ДИ ХЭЩІАПІЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык кІалэ, Лениным и ц1эк1э щ1ы1э уэрам, 5, ебгъуанэ - епщІапІэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ л1ъэпкъ Іуэхухэмкі - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІ - 47-22-63, 42-57-59; щ1ихабзэмкІ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Іуэхущ1ап1эхэм я д1элэжьэныкІэ - 42-60-53; хьыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; етъ1ужьнигъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ1ап1эм - 42-26-41; сурэтехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщ1ыхьа бжьыгъэхэм, къыщ1эТта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ аэр зытхахэм ирэу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху ельыкІэр этэхуэ зэныгу щ1ытекІым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыщІр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщ1эныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щ1ныкІэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №П-0065-м щ1эту ятхащ.

КъБР-м Щ1ихабзэмрэ хьыбарегъащІэ Іэнат1экІэ и министерствэм 1905 гъэм щыІа Революцэм и щІэ зезыхь и политграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и ц1эк1э щ1ы1э уэрам, 33, телефоныр - 42-35-75.

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэр: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДыщкІ Соня, редактору ЖьэкІэмыхъу Маринэ, корректорхэу Афэ Тамарэ (*1,2-нэ нап.*), Іэхьт1ыкІ Юрэ (*2,4-нэ нап.*), корректорхэм я лэ3ныкъуэгъу Къунащ Залинэ. *Компьютерк1э газетым и теплъэр ящІащ:* Бицу Маринэ, Щ1ащІу Мадинэ, *сурэтыщІ* Бицу Жанэ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Іэнат1эм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м. Щ1ыгрдзар сыхьэт 21.00-рщ.

Индексыр 51531 ●Тираж 10.289● Заказ №1792